

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Bilten JILAP
Bulletin JILAP

12

Pòtoprens, sektanm 2004

Men ki sa n jwenn nan Bilten sila a

Yon ti mo pou louvri Bilten an
Pou refleksyon nou
Aktivite Jilap nan peyi a
Travay pou gen jistis nan peyi a
Kòmantè
Jistis ak Lapè toupatou

Table des matières

Editorial
Pour votre réflexion
Activités de Justice et Paix en Haïti
La lutte pour la justice dans le pays
Commentaires
Justice et Paix partout

Yon ti mo pou louvri Bilten an

2004 fè de san (200) lane depi peyi d Ayiti vin endepandan nan mitan tout lòt nasyon yo. Premye janvye 1804, se yon dat listwa pa gen dwa bliye. Yon ti pèp, pitit esklav d Afrik nan peyi Sen Domeng, mete tèt yo ansanm, epi ak tout fòs kouray yo yo pran endepandans yo. Se yon bagay listwa pa t janm te wè anvan. Esklav pa t fèt pou yo te lib. Nan moman yon pakèt lòt peyi te di esklavaj nòmal, nèg d Ayiti t ap di : esklavaj pa dwe genyen plas li sou tè a, moun pa fèt pou viv ladan l. Nan moman peyi Ewòp yo t ap prepare tèt yo pou al kolonize anpil lòt peyi sou kontinan Afrik la epi an Azi, nèg Ayiti yo di : pa genyen kesyon lakoloni ankò. Tout pèp gen dwa viv libelibè lakay yo.

Men sa listwa yon ti peyi Ayiti pote pou relasyon yo ki dwe genyen pami tout pèp sou latè.

Lane 2004 pran peyi a nan mitan yon kriz politik ki pa gen parèy li nan istwa n. Konsa, apre 200 lane, gen moun ki di : endepandans Ayiti a te vin twò rapid. Moun pa t pare. Kòmkiwa pèp Ayisyen te dwe tann ... Eske yon pèp kapab tann lè l konnen esklavaj ak lakoloni pa fèt pou moun?

Eske se pa nou menm k ap viv jodi a ki dwe jere istwa nou kòm sadwa? Eske se pa reskonsablite nou pou nou pa kite lezòt devize n? Eske se pa reskonsablite nou pou n reve epi planifye yon lavni ki bèl pou peyi nou ak pou pèp nou an? Poukisa nou kontinye ap trennen menm kriz la san n pa janm rezoud li? Konbyen tan sa ap kontinye konsa toujou? Ki kote sitwayen k ap pran reskonsablite yo atò?

Nan Bilten sila a, n ap jwenn kèk refleksyon sou tan n ape viv la. De (2) refleksyon sòti nan men otorite Legliz la menm. N ap gade tou divès deklarasyon Jilap te fè nan dènye ane a. Sa pèmèt nou pi byen konprann ki sansiblite Jilap genyen parapò ak kriz peyi a epi vyolasyon dwa moun ki genyen. Jilap te patisipe nan kèk rankont onivo entènasyonal. N ap jwenn yon ti kont randi. Se tout sa ak kèk lòt nou vèl toujou n ap jwenn nan Bilten sila a. Nou swete nou bon lekti.

Editorial

2004 fait 200 ans depuis l'indépendance du pays. L'histoire universelle ne devrait pas oublier cette date mémorable du 1 janvier 1804. Un petit peuple, les enfants d'esclaves africains à Saint Domingue, s'unissent pour rejeter courageusement leur condition d'esclaves. A un moment où l'esclavage était accepté comme normale dans les autres pays, les gens d'Haïti déclaraient: esclavage n'a pas sa place sur la terre;

elle ne peut être la condition de vie d'êtres humains. A un moment dans l'histoire, où les pays européens s'apprêtaient pour leur aventure coloniale en Afrique et en Asie, les Haïtiens déclaraient: il n'y a pas de question de vivre comme colonie. Chaque a le droit à la liberté.

Voilà ce qu'un petit peuple a apporté à l'histoire universelle.

L'année 2004 nous surprend en pleine crise politique qui n'a pas son semblable dans notre histoire. Ainsi, après 200 ans d'indépendance, il y a ceux qui disent: Haïti est devenu indépendant trop bonheur. Les gens n'étaient pas préparés. Comme si on aurait dû attendre ... Mais, est-ce qu'un peuple peut attendre pour changer ses conditions qui ne devraient exister même?

N'est-ce pas à nous, aujourd'hui d'apprendre à gérer notre histoire différemment? N'est-ce pas à nous de faire de sorte que les autres ne nous divisent pas? N'est-ce pas de notre responsabilité pour rêver et planifier un avenir pour notre peuple? Pourquoi continuer à traîner cette crise interminable au lieu de la résoudre? Combien de temps ça doit durer encore? Où trouver des citoyens responsables?

Dans ce Bulletin vous trouverez deux réflexions écrites par des autorités ecclésiastiques. Nous passeront en revue les différentes déclarations publiques faites par Justice et Paix au cours de la dernière année. Ceci nous permettra de mieux cerner la sensibilité de Jilap dans la crise et en face de la situation difficile des droits humains. Jilap a participé dans un nombre de rencontres internationales. Nous pouvons lire un petit compte-rendu. Vous trouverez tout cela et d'autres informations dans ce Bulletin. Nous vous souhaitons une bonne lecture.

JH

Pou refleksyon nou

Lèt pou viktim yo

« Granmèt, padonnen yo. »(Lik 23, 34)

Ala chans pou moun ki gen kè sansib, l ap jwenn kè sansib nan men Granmèt la. » (Matye 5,7)

Dans cette lettre aux victimes des événements survenus en Haïti au début de l'année, Mgr Serge MIOT exprime toute sa préoccupation pour les victimes. Chaque changement politique ou social traîne avec lui son cortège de misère et de victimes. D'abord il faut chercher à comprendre : qu'est-ce qui se passe au juste ? Qui profite des actes de vandalisme et de pillage qui se réalisent ? Haïti doit apprendre à construire pour être à la hauteur de sa propre histoire. L'Eglise doit être sensible aux faibles dans les changements sociaux. Aujourd'hui tout le monde sort victime de diverses façons des événements que vit le pays. Redémarrer demande justice, certes, mais également une volonté de réconciliation et de pardon.

1. Nou te wè ak je nou tou sa ki te pase nan peyi a. Sa te ban nou anpil boulvès, anpil kè kase. Se kòm si yon gran tranbleman tè te sekwe peyi d Ayiti, kote tout moun t ap tranble, tout bagay te vire tèt anba. Depi kèk tan y ap plede di peyi d Ayiti rive nan kalfou lanmò. Nan jounen jodi a, se pou nou di : « Nou tonbe nan gwo twou lanmò. » Se moman pou nou chante *de profundis* : « Nan gwo twou lanmò, Granmèt, n ap rele w. Koute vwa nou. » (Sòm 129, 1).
2. Gen yon fanmi ki t ap plenyen devan zak kraze brize yo te fè nan biwo li, li te blije kriye: «Gade sa ki rive nan travay nou te fè ak san nou pandan karant lane.»

3. Nou te kapab poze tèt nou kesyon sa a: Ki moun ki pwofite pi plis nan zak briganday, kraze brize sa yo, nan yon ti peyi kote anyen pa egziste ankò, peyi ki pi pòv nan Lamerik la? Epi nan pwen moun ki kapab pwofite nan malè pwochen li, san kè l pa boulvèse, san konsyans li pa repwoche l. Vle pa vle, gen yon jou k ap rive kote tout moun gen pou peye dèt sa a.
4. Li lè li tan, pou nèg d Ayiti sispann kite zòt griyen dan sou yo. Nou pa konnen kisa pou n ta fè pou nèg d Ayiti sispann, kraze brize, dechouke, koupe tèt, boule kay.
5. Men gran lide pou jounen jodi a: « Met tèt nou ansanm pou rekonstwi peyi d Ayiti ». Pou sa rive fèt vre, an nou konmanse met nèg d Ayiti kanpe. Fòk nou mete ansanm pou bay pitit nou yo yon lansèyman total kapital nan yon lekòl Tèt Ansanm san pas pouki. » Fòk tout moun ta mete men, chak koukouy ta klere pou lòt, chak Ayisyen ta vle byen ak lòt, kole zepòl ak zepòl, montre yo se natif natal ki renmen peyi l. Fòk nou rive tabli yon klima kè poze ak konfyans, kraze tout divizyon ak chire pit, kaba tout mefyans, entolerans ak enjistis.
6. Ayiti se youn nan peyi ki te siyen Deklarasyon Inivèsèl Dwa Ketyen Vivan. Fòk nou mete tèt nou ansanm pou tout moun rive gen menm dwa nan peyi a: dwa pou viv ak diyite, dwa pou gen yon propriyete chè mèt chè mètrès, dwa pou tout moun al lekòl, dwa pou di sa w panse epi sa w vle di, dwa pou gen kwayans pa w ak pwòp pati politik ou, dwa pou viv lib e libè.
7. Sila yo ki pral dirije peyi d Ayiti pral gen anpil tèt chaje, anpil traka. Yo gen pou yo travay san pran souf pou peyi a reprann wout demokrasi a, pou tout moun rive respekte lalwa. Yo genyen tou pou respekte epi fè respekte Manman Lwa peyi a ak lòt lwa peyi a ak lòt lwa yo. Yo genyen pou konbat enjistis, abi epi enpinite. Tout moun ap tann pou yon rejim demokratik k ap respekte epi k ap fè respekte twa gwo pouvwa Leta yo : kidonk pouvwa Prezidan ak Gouvènman l pou respekte ak fè respekte Manman Lwa peyi a ; pouvwa Lajistis yo, Senatè ak Depite, pou fè lwa k ap bon pou tout moun ; pouvwa Jij yo ak Tribinal yo pou aplike lalwa kòm sa dwa. Fòk tout moun kolabore pou nouvo Gouvènman an kapab rive reyalize pwogram ki pa kapab tann ak lòt pwogram Prezidan ak Konsèy Saj yo te asepte pou byen

pèp la. Apati jodi a menm, nan pwen kesyon entèl pa ladan l, kèk sektè pa ladan l, kèk sektè pa ladan l. Si nou vle tabli yon rejim demokratik k ap dire nan peyi d Ayiti, fòk tout moun soutni l, fòk tout moun ap travay, fòk tout moun rive viv ak diyite. Si dirijan yo pa fè dappiyan sou lajan Leta a, si yo depanse lajan peyi a kòm sa dwa, tout moun ap kontan, tout moun ap jwenn bonjan sèvis, bonjan sekirite, pap gen deblozaj, kraze brize, koupe tèt, boule kay. Se nan tout rankwen peyi a, kè poze ap simaye, tout moun ap viv alèz, lib e libè.

8. Tout kraze brize, tout zak brigandaj ki sot pase yo gen konsekans yo sou lavi sosyete a, sou aktivite ekonomik peyi a. Fòk dirijan yo pran bonjan mezi pou plis lamizè, plis kalamite pa atake rès popilasyon, depafini ak sila yo ki pi fèb, ki pi pòv. Fòk yo tabli prese prese yon «Komisyon k ap evalye dega yo, repare viktim yo.»
9. Nou mande prese prese pou mete peyi a nan chantye, kreye travay tribò babò, okipe tout moun, gason tankou fi. Fòk yo repare tout domaj ki ravaje sosyete sivil la, rekonstwi kay leta ak kay prive ki kraze, piye, ensandye. Fòk yo mete men pou konstwi wout, lekòl, lopital, mache piblik. Fòk tout enstitisyon ki nan peyi a kontinye fonksyone an sekirite.
10. Nou ta renmen chanje limaj Peyi d Ayiti, chanje vizaj Leta a. Ayiti se Premye Repiblik Nwa ki egziste. Fòk Nasyon sa a rejwenn plas li pami lòt nasyon yo. Nou ta renmen montre kapasite ak konpetans pwofèsyonèl nou yo pou jere tout èd nou pral resevwa pou sòti peyi a anba lamizè, anba grangou, nan linyorans, nan izòlman. Fòk nou envite kapitalis natif natal, kapitalis lòt bò dlo vin envesti nan peyi a.
11. Jan nou toujou di l : « Malè Pèp Ayisyen an sòti nan jan li divize, » divizyon ki makonnen ak tout jèm lanmò nou jwenn nan kilti nou, nan mantalite nou. Pou lavi pèp ayisyen an chanje, fòk gen yon lavi miyò, fòk nou konbat tout divizyon, tout rayisans, tout paspouki. Fòk nou travay men nan lamèn, nan konstwi bonjan kooperativ, bonjan bank popilè. Se sèlman nan fason sa yo, peyi d Ayiti va tounen *La Perle des Antilles*, peyi kote tout moun ap viv chè mèt chè mètrès, lib e libè, nan kè poze, nan renmen ak nan fratènite.

12. Wi, tout moun sòti pèdan. Nou gen anpil blese. Nou te ranmase anpil kadav. Te gen anpil kraze brize, anpil dechoukay. Gen anpil soufrans nan kè, anpil doule nan nanm nou. Nou wont tèt nou. Fòk nou youn mande lòt padon. Fòk nou youn rekonsilye ak lòt. Nou prezante sensè kondoleyans bay paran defen yo. Nou swete yo kouraj, kenbe pa lage: «Pran kouraj, pa febli, men Granmèt la ap vini.» Nou espere «Komisyon Evalyasyon ak Reparasyon» pa p pèdi tan pou mete l nan travay, jwenn mwayen pou bay tout viktim satisfaksyon. Pou tout moun ki mouri yo nou renmèt nanm yo bay Bondye lavi a. N ap lapriyè pou yo, n ap mande Bondye pou lemal fini nan peyi d Ayiti.
13. Pa gen kè poze san nou pa fè jistis. Pa gen jistis tout bon san youn pa padonnen lòt. Pou kè poze kapab tabli toutbonvre nan peyi d Ayiti, fòk nou kòmanse travay ak kat pilye sa yo Pap Jan 23 ta ba nou nan *Pacem in Terris* [Lapè sou tout fas tè a]: « Verite ak Jistis, Renmen ak Libète ». Si nou rive mete valè sa yo nan lavi pèsònèl nou, nan fanmi nou yo ak nan enstitisyon nou yo, nou kapab di : Ayiti cheri pi bèl pase ou, nan pwen». N ap kapab fè pwogrè tout bon. N ap rive fè tout moun viv nan kè poze, nan kè kontan, nan sekirite.
13. Viv Ayiti, Peyi Lib, Peyi Tèt Ansanm, Pèp Solidè, Pèp Frè ak Sè.

Lèt sa a sòti nan Acheveche Pòtoprens, jou ki te 3 mas 2004.

Monseyè Joseph Serge Miot, Achevèk Koadjité Pòtoprens

Bati kay Respekte moun

**Salitasyon Nons Apòstolik la, Monseyè Luigi Bonazzi
Te fè nan katedral Pòtoprens jou ki 25 avril 2005,
Pou fini misyon l nan peyi d Ayiti**

Nan finisman misyon l nan peyi d Ayiti, Nons Apòstolik la, Monseyè Luigi Bonazzi te bay mesaj sila a nan katedral Pòtoprens : An n aprann bati kay epi respekte moun.

Salutation du Nonce Apostolique S.E Mgr. Luigi Bonazzi, à l'occasion de la fin de sa Mission en Haïti, à la Cathédrale de Port-au-Prince, le 25 avril 2004. Dans la messe d'action de grâce à la fin de sa mission apostolique en Haïti, Mgr Luigi Bonazzi, Nonce apostolique, a laissé ces paroles comme une sorte de testament. Il y traduit pour des temps nouveaux le mot d'ordre de la Révolution haïtienne de 1804. Le Koupe Tèt Boule Kay (Tuez et brûlez) devrait se transformer en Respekte moun, bati kay (Respectez chaque personne, construisez des maisons).

Kounye a si nou ta mande m, pou m ranmase an de mo, nan yon slogan, eksperyans mwen te viv nan Peyi d Ayiti pandan katran edmi, oubyen yon souvni mwen vle kite pou nou, kòm si se ta testaman m, men ki sa m ta di nou : «*Respekte moun, bati kay*». Mwen kwè ti fraz sa a m te di deja nan katedral sa a kapab ranmase eksperyans mwen nan Peyi d Ayiti e se sa m ta renmen kite pou nou tou kòm souvni.

«*Respekte moun, bati kay* ». Fraz sa a dwe ranplase pawòl «*Koupe tèt, boule kay* » nou konn abitye di yo. Se pou nou bat lèstomak nou sèt (7) fwa pou nou di: «*Koupe tèt, boule kay*» pa dwe janm sòti nan bouch nou ankò, non, se swa jamè pawòl sa a pa dwe janm sòti nan

bouch nou ankò. Men, jan m sòt di nou an, se pou nou ranplase l avèk «*Respekte moun, bati kay.*» An nou repete slogan sa a ansanm pou nou pa janm bliye l. «*Respekte moun, bati kay.*»

«*Respekte moun*», sa vle di : koute, epi mete an pratik bèl pawòl sa yo Jezu te di nou an: «*Nou tout nou se frè*» (Matye 23, 8). Chak moun se frè m. Isit nan Peyi d Ayiti, mwen te gen chans rankontre yon pakèt moun : ti moun ki pral nan dlo, elèv ki pral lekòl, jèn kap chèche travay, fanmiy yo, granmoun yo, moun malad yo, pè yo, frè yo, chè sè yo, moun ki enpòtan anpil ak moun tou senp... Pafwa gen moun ki te konn mande m ede yo. Se pa tout tan mwen te rive satisfè materyèlman tout moun ki te konn mande m ede yo. Men, mwen te toujou chèche demontre frè sa a, sè sa a, jan yo te enpòtan pou mwen. «*Respekte moun*». Respè mwen te konn bay lòt yo anrichi m, epi fè m grandi kòm moun. Mwen santi m vin tounen yon ti kras Ayisyen, epi m santi mwen pote nan mwen menm, kè kontan ak soufrans Legliz ki nan Peyi d Ayiti. Mwen kwè mwen kapab di Ayiti ak Ayisyen yo antre nan lavi m, plis pase lè k ap antre nan poumon m, plis pase san k ap koule nan venn mwen.

«*Respekte moun!*» Sa vle di : respekte imaj Bondye mwen reprezante a, respekte imaj Bondye ki nan mwen menm nan. Men, tousuit sa vle di tou: respekte imaj Bondye ki klere nan figi frè ak sè nou yo (gade 2 Korent 3, 18), konsidere frè ak sè nou yo tankou «*moun lakay*», resevwa yo, aksepte yo tankou «*kado Bondye fè nou*» nan jefò n ap fè pou «*nou ba yo yon plas,... pandan n ap chèche elimine tout vye tantasyon, egoyis, ki fè nou toujou tonbe nan pyèj, goumen pou youn depase lòt, pou youn pi wo pase lòt, pou youn pa fè lòt konfyans, pou youn jalou sò lòt* » (Nouvo Millennio Ineunte, 43).

«*Respekte moun!*» Pou mwen pawòl sa a se tankou tradiksyon an kreyòl, bèl ensèyman sa a Jezi te kite pou nou an : «*Tout sa ou ta renmen lòt yo fè pou ou, fè l ou menm tou pou yo*» (Matye 7, 12; Lik 6, 31). Avèk envitasyon pou nou «*fè pou lòt yo tout sa nou ta renmen lòt yo fè pou nou*», se kòm si Jezi te di nou: “An nou wè! Ki sa ou ta renmen lòt yo fè pou ou? Ki sa ou santi ou bezwen? Ebyen! Sa ou ta renmen yo fè pou ou a, sa ou santi ou bezwen an, chèche fè menm bagay sa yo pou lòt yo». Sa vle di: ou santi yo pa konprann ou? Ebyen chèche konprann lòt yo. Ou santi yo pa renmen ou ase? Renmen lòt yo pi plis. Ou vle yo padonnen ou? Padonnen an premye. Lòt yo pèdi pasyans ak ou? Ou menm, pran pasyans ak yo. Ou ta vle yo trete ou byen? Trete lòt yo byen. Epi se konsa pou ou toujou chèche fè. Nan envitasyon Jezi a nou jwenn youn nan mak fabrik fondamantal lavi yon kretyen. Sa vle di, nou pa dwe chita ap tann sa lòt yo ta dwe fè pou nou, men nou dwe chèche wè sa nou kapab fè pou lòt yo, sa «mwen menm», mwen kapab fè. Tout sa se: «*Respekte moun!*».

“*Bati kay*”. Mwen rankontre anpil jèn nan Peyi d Ayiti ki gen anvi konstwi ti kay yo, epi mwen jwenn tou anpil moun ki gen anvi fè kèk ti reparasyon nan ti kay yo. Natirèlman “*bati kay*” vle di, konstwi kay pou moun ki pa gen kote pou yo rete, epi louvri wout, bati lekòl, lopital, elatriye... Ayiti, yon peyi ki tèlman make ak soufrans kapab e dwe tounen yon kay, kote tout moun kapab jwenn plas yo! Poutèt sa, mwen salye epi mwen beni angajman tout otorite ak sitwayen ki mete tèt yo ansanm pou fè disparèt tout baryè ki chita nan listwa Peyi nou e ki anpeche nou rive fè linite nasyonal. Pi gwo baryè a se lamizè.

Fò n fè atansyon, paske gen yon bagay ki ka rive tou! Yon moun kapab genyen yon kay tout bon vre, yon bèl kay menm, e malgre sa li gen dwa santi l tankou yon moun ki pa gen yon kote pou l poze tèt li, si

nan kay kote l rete a pa gen renmen. Men pou ki rezon “*Bati kay*” vle di sitou “*mwen dwe tounen kay*” pou lòt la, pou li kapab jwenn yon plas nan kè m. Se pa nou tout ki gen mwayen ekonomik pou nou bati yon kay tout bon pou frè nou, men nou tout nou kapab «*tounen kay*» pou frè ak sè nou yo.

«*Bati kay*». Youn nan pi bèl eksperyans mwen te fè nan Peyi d Ayiti se posibilite mwen te genyen pou mwen te «*tounen kay*» pou chak Ayisyen mwen te rankontre, epi pou mwen te «*trouve m lakay mwen*» nan chak Ayisyen. Yon jou, gen yon moun k ap travay lakay mwen ki di m: “*Mwen t ap toujou kontan travay nan kay sa a, menm si sa yo t ap peye m nan te pi piti, paske m santi m byen isit la*”. Pawòl sa yo te fè kè m kontan anpil, paske sa vle di kote m abite a se yon «*kay*».

«*Bati kay*». Se pou youn renmen lòt (gade Jan 13, 34). Menm jan Pap Jan Pòl 2 mande nou, se pou nou fè fanmi nou yo, pawas nou yo, lavil nou yo, Legliz nou an, Peyi nou an tounen yon “*kay kominyon*”, “*kay tèt ansanm*”.

“***Respekte moun, bati kay!***” Men ranmase eksperyans mwen fè nan Peyi d Ayiti epi souvni mwen vle kite pou nou. “*Respekte moun, bati kay!*” Nan lane espesyal sa a, kote n ap fete bisantnè Lendepandans Peyi nou an, ak pou tout tan.

M ap fini pandan m ap asire Legliz ki nan Peyi d Ayiti ak tout Ayisyen yo, ki jan mwen apresye yo, ki jan mwen renmen yo, e ki jan m ap toujou kontinye pote yo nan kè m. Pòt lakay mwen ap toujou louvri byen gran, pou chak Ayisyen m a genyen pou m rankontre, ak pou tout Ayisyen ki ta vle rankontre m. Ak tout kè m, mwen di Bondye tou dabò

epi nou menm tou, yon lòt fwa ankò: Mèsi anpil, eskize m, mwen renmen nou. AMEN.

JILAP nan divès dyosèz yo

Deklarasyon Jilap te fè depi mwa dawou 2003

Nous reprenons les différentes déclarations et positions publiques des Commissions Justice et Paix, nationale et diocésaines, depuis le dernier Bulletin du mois d'août 2003. Elles nous aident à mieux comprendre les sensibilités et les valeurs que les Commissions veulent défendre dans la conjoncture.

Nous mentionnons également deux déclarations des prêtres des diocèses des Gonaïves et de Jacmel du mois de janvier 2004, qui nous aident à comprendre les changements qui s'effectuaient dans les esprits de beaucoup de gens à ce moment.

Jilap Nasyonal

Nòt pou laprès, 24 oktòb 2003. Komisyon Jistis ak Lapè touche anpil ak sa k pase nan Petyonvil, kote yon jèn fanm ansent ki rele Marie-Claude Fétisse ki ta l akouche nan yon matènite, pèdi lavi l poutèt 100 goud li te manke sou 3100 goud li te dwe bay.

Komisyon an kondane ak tout fòs li atitid responsab yo nan Matènite CITYMED la ki pouse do l, li pa t ba l swen, ki fè l rive mouri devan Matènite a menm jou ki te jedi 23 oktòb la vè 2 zè konsa nan maten.

... Komisyon an ap atire atansyon tout ajan sante yo nan peyi a : vyolasyon yo se sove vi moun. Se pa lajan ki dwe an premye. Moun pi enpòtan pase lajan. Komisyon an konsidere sa k te pase Petyonvil la kòm yon siy ki montre valè moral yo, sitou valè lavi genyen bese anpil nan peyi nou an. Sityasyon sa a menase nou tout nan fason nou youn ap aji ak lòt.

Nòt pou laprès, 9 desanm 2003. Komisyon Jistis ak Lapè ap mande ki kote peyi a ap prale ? Komisyon an konstate sitiyasyon peyi a ap vin pi mangonmen chak jou. Sitou klima entolerans ak youn pa vle wè lòt ap monte. Otorite yo ki sanse reskonsab pou pwoteje lavi, libète sitwayen ak dwa moun parèt pami sa ki ankouraj klima entolerans sila a. Yo sèvi ak aparèy Leta a, ak enstitisyon yo ak gwoup ak zam pou fè travay sila a.

Komisyon Jistis ak Lapè ap kondane ak fòs divès zak ki fèt nan dènye tan sa yo, tankou :

- Vyole kote ki sakre yo, kote moun dwe santi yo an sekirite, tankou kay prive, legliz, lekòl ak inivèsite.
- Vyole lavi ak libète moun. Plizyè dizèn moun viktim chak mwa, vyolans k ap fèt nan lari san otorite yo pa pran mezi pou korije sitiyasyon sila yo. Gen sitwayen menm ki viktim zak otorite yo ap poze.
- Vyole dwa moun genyen pou di sa k nan lide yo yon fason lib, tankou lè represyon avèg t ap fèt kont manifestasyon yo nan lari, jou ki te 14 novanm ak 5 desanm lan. [...]

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè nan okazyon Asanble Jeneral la ki te fèt kay Sè Fiy Lasajès yo nan Mariani, sòti 9 rive 13 desanm 2003. Tèm asanble a se te : 2004, Ann rebati peyi nou an ansanm. Nan okazyon sa a Jilap te gade yon fason espesyal ki jan sa ye ak laprès lakay nou. Se te yon bèl eksperyans kote youn pataje ak lòt enfòmasyon sou sa ki pase nan diferan zòn yo. Ansanm, nou te di Granmèt la mèsi pou tout bèl travay Jistis ak Lapè rive fè nan rekonsilye moun ki gen konfli nan kominote yo, akonpanye pèp la k ap chèche lapè selon sa k korèk, denonse vyolasyon dwa moun ak fòm sitwayen yo sou diyite, dwa ak devwa tout moun genyen.

Mesaj nan okazyon Jounen nasyonal Jistis ak Lapè, dezyèm dimanch nan tan karèm, 7 mas 2004. Ane sa a, peyi a ap viv yon lòt fwa ankò yon move moman nan istwa l. Nan moman latwoublay sa a, kote n bezwen rebati pi fò enstitisyon yo ki nan peyi a, Komisyon nasyonal Jistis ak Lapè a esprime gwo preyokipasyon li genyen tankou:

- Avni peyi a, se nan men Ayisyen pou l ye. Menm si jodi a nou bezwen bourad kominote entènasyonal la.
- Tèt ansanm tout sitwayen ak patisipasyon tout sektè nan popilasyon an nesese pou retire peyi a nan sitiwayon n ap viv jodi a. Eske se pa divizyon ak mete moun sou kote ki sous tout gwo kriz ki travèse istwa peyi nou an ?
- Kesyon enpinite a. Konbat enpinite se pa fè tèt ou jistis, men se travay pou genyen verite ak reskonsablite nan sosyete a. Sèl yon sistèm jistis djanm e endepandan kapab mete tout moun an konfyans epi ede rezoud konfli selon sa lalwa mande.
- Kesyon sekirite a. Lame ki te la a t ap bay desepsyon ; polis nasyonal la pokò alawotè misyon l. Ki fòs sekirite peyi a bezwen pou kore lavi sosyete a kòm sadwa, ak pou pwoteje epi sèvi lavi chak sitwayen ?
- Kesyon satisfaksyon dwa ekonomik yo pou tout moun. Ki jan moun kapab santi yo sitwayen yon peyi tout bon si yo blije viv nan grangou ak lamizè, lè pitit yo pa ka al lekòl, lè pa gen swen maladi ? Eske pi gwo lènmi sosyete a se pa : lamizè, chomaj, maladi, grangou ?

Jodi a, se pou bati, se pa pou detwi. Se pou tout moun bòn volonte mete fòs yo ansanm. Enpinite, dechoukay, vyolans, piyay ak règleman de kont pa dwe gen plas nan sosyete nou vle bati a. ... **Fè politik pa dwe yon lit pou pouwva, men yon lit pou konstwi yon peyi nan enterè tout moun.** Pou sa fèt, politisyen nou yo dwe aprann gade sa k anfavè tout moun nan peyi a anvan enterè pèsònèl pa yo.

Jilap Gonayiv

Nòt pou laprès, 3 oktòb 2003. Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Gonayiv pa t menaje fòs li pou pwosè masak Raboto 22 avril 94 te rive reyalize. Jilap

Digo santi l vrèman fristre nan fason Lapolis aji ak inosan yo nan Raboto jounen jodi a.

Si nou rive la jounen jodi a se paske gouvènman sa a pa gen nan pwogram li pou konbat lenpinite, li plis champion nan simaye kòb bay chimè pou yo ka kenbe pouvwa a. Si Lajistis ak Lapolis te pran reskonsablite yo nan sak te pase 2 dawou 2002 nan Gonayiv nou kwè nou pa t ap rive la.

Jounen jodi a, lapolis ki sòti nan sen pèp la, fè pèp Raboto reviv sa yo te viv ak militè mele ak Fraph. Komisyon an deplore sa. Li pwofite okazyon sa a pou l di tout moun k ap viv nan Gonayiv : pa pratike vyolans, paske l pa mennen nou pyès kote, okontrè, se sal l ap sal repitasyon vil la.

Nòt pou laprès, 29 oktòb 2003. Komisyon Jistis ak Lapè ki gen pou misyon defann dwa tout moun, santi l ijan pou l leve vwa l pou l denonse yon lòt fwa ankò zak briganday Lapolis ap kontinye fè sou Pitit Bondye, kote yo boule kay inosan, touye bèt malere yo, boule depo sèl yo, ata ti bebe 15 jou pa epanye. [...]

Komisiyon an santi li tris tou paske lapolis pa aji kòm pwofesyonèl. Komisyon an konstate depi kèk tan e plis pase yon mwa nan Gonayiv gen yon enkapasite pou dirije bò kote responsab yo nan peyi a. Chak lè yo di y ap eseye mete lòd, se yon masak yo fè. [...]

Nòt pou laprès Pè yo nan dyosèz Gonayiv te fè nan dat 23 desanm 2003.

Nou menm Pè nan dyosèz Gonayiv, [...] nou santi nou endinye devan tout zak malonèt, krim ak babari k ap fèt sou popilasyon nan vil la; tankou masak 2 oktòb 2003 nan Raboto ak divès moun ki tonbe anba represyon ak brutalite, san nou pa site sa k fèt lòt jou a nan je tout moun.

Fòk yon moun viv pou wè tout bagay. Men fòk ou viv lontan pou wè kontrè tout bagay. Sa k ta panse jounen jodi a se sou gouvènman Jean Bertrand Aristide moun Raboto ta viktim nan eta sa a, lè nou sonje jan san yo te koule pou retou Titid nan masak 22 avril 94 sou rejim koudeta a. [...]

Nou kondane san rezèv zak sa yo. Nou pa wè ak ki figi nou pral kanpe pou n selebre premye janvyè 2004 la pandan vil la ranpli ak dezolasyon, tristès epi laperèz. An menm tan tou, nou kondane tout lòt fòm vyolans, kraze brize epi boule enstitisyon ki se byen vil la, patizan manm Fwon Rezistans lan ap komèt.

"Pa bliye, anpil moun prale men peyi a ap toujou rete pou nou".

Jilap Jakmèl

Nòt pou laprès, 19 jiyè 2003. Nou te tande deklarasyon 2 reprezantan OP te fè nan Pòtoprens konsènen Evèk peyi d Ayiti yo, sitou deklarasyon an te konsènen Monsenyè Guy Poulard. Tout moun ki analize deklarasyon kite fèt la ap rive konprann se pawòl menas, pawòl kalomni pou sal repitasyon moun. Se yon lòt egzanp ki montre n nan peyi d Ayiti gen moun ki ka derespekte lòt jan yo vle. [...]

Mesaj pè dyosèz Jakmèl nan Sidès pou pèp Ayisyen, dimanch 14 desanm 2003. [...] Sityasyon n ap viv nan peyi d Ayiti jounen jodi a se yon sityasyon latwoublay ak lamizè toupatou, paske Leta pa rive òganize peyi a jan sa dwe fèt la. Se desepsyon toupatou. Nou menm nan Legliz la, pa lantremiz Konferans Episkopal la, nou pa t janm sispanm bay bon jan konsèy ak egzòtasyon pou n pa t rive nan sityasyon nou ye la a. [...]

Nou leve vwa nou pou nou di : Sispann !

- Sispann fè vyolans ak brutalite sou kèlkilanswa moun nan !
- Sispann pouse moun fè vyolans
- Sispann anpeche moun reklame dwa yo genyen !
- Sispann masakre pèp la !
- Sispann kenbe moun nan prizon pa mechanste !
- Sispann fè deklarasyon pou fè moun pè !

Sityasyon latwoublay sa a se prèv Prezidan an pa ranpli misyon Konstitisyon an ba li, ki se garanti bon jan fonksyonman enstitisyon peyi a. Pou kòmanse sòti nan sityasyon latwoublay sa a, nou menm Pè dyosèz Jakmèl nan Sidès la, nou mande Prezidan Repiblik la, mesye Jan Bètran Aristid ak tout manm Gouvènman an pou yo pran desizyon ki pi saj la, desizyon sityasyon an mande, sa vle di : demisyone, epi mande pèp la ki te mete konfyans nan yo a padon, pou n ka antre nan yon tan rekonsilyasyon toutbon nan lavèy 2004 la. [...]

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Jakmèl, nan okazyon fèt Nwèl la e sou nouvèl ane 2004 la. [...]

Nou menm Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Jakmèl nan tout konsta nou fè ak Kasèk, Asèk, polisye ak okton, nan tribinal yo, nan komisarya yo, nou wè egzijans ki genyen pou nou rebati peyi nou an ansanm :

[...] Fòk nou sispann viv nan divizyon, rayisans, entolerans, diskriminasyon, enjistis ak chen manje chen, pou nou viv nan renmen, linyon, tolerans jistis ak lapè.

Fòk nou repanse sistèm edikasyon ki fè moun pa konplekse, yon edikasyon ki fè moun pran konsyans.

Fòk Leta ta gen yon politik klè pou remonte pwodiksyon nasyonal la ki fin andegraba.

Chak grenn moun dwe pran responsablite yo, Legliz, Leta, elèv, pwofesè, direktè, peyizan...

Fòk tout kretyen devlope yon pratik lapriyè ak evanjelizasyon ki chita sou konsyans ak renmen. [...]

Pawas Marigo

Yon ti kout je sou Ayisyen k ap kite peyi a pa bann e pa pakèt pou ale nan peyi Panyòl. Yon kesyon ki konsènen komin Marigo anpil.

[...] Jou ki te 15 septanm 2003, komisyon Jistis ak Lapè pawas Marigo te rankontre ak yon mesye ki toujou ale nan peyi panyòl ki rele Noël Saint Dick. Nan yon ti pale avèk li, nou te di l apa l poko ale nan Panyòl li reponn nou, wout la fèmen pa gen pasaj. Kidonk, nou te pwofite di l eske vwayaj la fasil pou moun janbe fwontyè a san paspò pou ale nan peyi panyòl. Li te reponn nou vwayaj la di anpil, paske se anba fil pou n pase pou yo ale nan panyòl e se nan rak bwa yo mache, jous yo pran lari pou ale nan batèy yo prale a. Gen delè chèf Dominiken an konn bat yo, touye yo. Kidonk, li di nou se nan **bia** li toujou ale akòz paspò li pa genyen. Yo gen yon chèf **bia** li rele "**boukong**". Se nan tout depatman Sidès la yo mache pran moun pou mennen yo nan peyi Panyòl. Men zòn ki plis ale nan Panyòl se: Lamontay, Makari, Koray Sou, Fon Jannwèl, Kòtdefè, Peredo.

Pou moun yo k ale nan Panyòl yo pran chaloup nan pò Marigo, mete yo Ansapit epi yo mache nan rak bwa jiskaske yo rive nan zòn ki rele Balorama. Lè sa a chèf **bia** ale chèche machin pou vin pran yo. Konsa tou, yo konn pase 8 a 10 jou anba rak bwa a. Pafwa lè chèf **bia** konn wè bagay la mele pou li, l ale kite moun yo anba rak la, akòz twòp moustik ap modè l. Pou n fini li te tou di nou men non kèk moun nan depatman Sidès la :

Joven ak Linès Pyè ki se moun nan seksyon Koray,
Rigo Garo moun nan seksyon savàn Dibwa,
Benyèl Pigo ki gen ti non jwèt li anbasadè pou tèlman li mennen moun ale
nan peyi Panyòl, li rete nan vil Marigo.

Jilap Pòtoprens

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, nan okazyon 9^{vyèm} asanble jeneral li ki te fèt nan Lilavwa 48 Kay Sè Dominikèn yo sòti 28 rive 31 daou 2003. Tèm Asanble a se te : « Nan papòt 2004, ki mòd lapè Ayiti bezwen ? ». [...] Yon ti ponyen moun ap vin pi rich sou do pèp la k ap vin pi pòv chak jou pi plis. [...] Aprè konstatayon sa yo sa montre sa a, se yon Leta iresponsab k ap detwi enterè peyi a nan avantaj yon ti gwoup moun. Nou gen kòm prèv plèn Maribawou leta Ayisyen rache nan men peyizan yo bay antreprenè etranje.

Jounen jodia, politik la tounen yon pwazon divizyon k ap depatya tout nannan sosyete a. Sa ba nou anpil kè sote ak laperèz. Paskè nou wè se gwo chirepit k ap fèt. Youn pa vle dakò ak lòt epoutan n ap prepare pou n selebre 200 zan endepandans nou kòm pèp. Eske nou kapab selebre yon kokenn evenman konsa pandan rayisans ap vale teren san n pa kite kote pou renmen an donner. Nan sans sa a, nou mande pou tout sektè nan peyi a, tankou : peyizan, ouvriye, chomè, politisyen, relijye, relijyèz, vodouyizan, entèlektyèl, anfen tout Ayisyen alawonnbadè anndan kou deyò peyi a, pou yo vin fè yon kokenn chenn solidarite sou baz enterè peyi a, kote renmen pral ranplase rayisans, tèt ansanm pral ranplase divizyon. [...]

Chak de [2] mwa, Jilap Achidyosèz la, ansanm ak sekretarya nasyonal la ap pibliye yon rapò òbsèvasyon vyolans nan lari Pòtoprens.
Nan mwa jen 2004, sa te fè de [2] lane depi komisyon an ap travay sila a. Jou ki 29 jen, Komisyon te òganize yon konferans pou laprès pou prezante bilan 2 lane òbsèvasyon vyolans nan lari Pòtoprens.
Nan mwa oktòb, Bilten Jilap ap pibliye yon nimewo èspesyal ki bay tout rezilta travay sa a.

Jilap Podepè

Nòt pou laprès, 23 jiyè 1987 e 23 jiyè 2003, sa fè 16 lane depi plis pase 139 ti peyizan te tonbe anba men kriminèl nan Jan Rabèl. Depi lè sa a y ap mande otorite Leta yo jistis, yo pa janm jwenn li. Sitiyasyon sa a montre aklè kijan jistis ayisyèn nan, an patikilye nan depatman Nòdwès la, pa pwoteje malere, li pa montre tou gen egalite tout sitwayen devan lalwa. Sa montre tou pa gen volonte nan Leta pou bay jistis pou moun ki swaf jistis. Sila yo ki viktim anba vyolasyon dwa moun yo pa jwenn ankourajman. Okontrè, lajistis sa a ap ankouraje enpinite, krim ak vyolans sou tout fòm.

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Pòdpè nan okazyon 8^{tyèm} asanble jeneral li ki te fèt sòti 11 rive 14 septanm 2003. Tèm nan se : Diyite moun, nan Papòt 2004. Nan okazyon sa a komisyon an pa t kapab rete bwa kwaze devan tout kalite zak ki kontinye ap detwi lavi moun tankou : vòl, krim, koripsyon, grangou, lamizè, chomaj, ensekirite, enpinite ak dwòg k ap simen dèy nan tout depatman an.

Jilap Jeremi

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Jeremi, nan okazyon asanble jeneral li ki te fèt nan Fwaye Kiltirèl sòti 18 rive 21 septanm 2003. Tèm Asanble a sete « *Ann kenbe flanbo desanzan lendepandans lan byen wo pou n chase fènwa lenjistis nan sosyete a, pou ka gen lapè tout bon vre nan peyi a* ». Nan okazyon sa a komisyon an te pwofite pale sou edikasyon k ap bay anpil tèt fè mal jis l ap mande nou kote sa prale ? Nan zafè lasante depatman an malad anpil, se gras a konkou Kiben yo plis ak kèk medsen ayisyen ki gen bòn volonte ki fè nou rive rale yon souf.

[...] Lajistis pa ka mache nan Grandans, pouvwa jidisyè a tounen yon pouvwa restavèk, tribinal yo gen anpil pwoblèm : manke jij, komisè, jij

denstriksyon. Yo manke mwayen lojistik pou yo fonksyone. San nou pa bliye tou manke pwofèsyonèl.

Pou prizonye yo menm, mizè yo ap ogmante chak jou pi plis, dwa yo ak diyite yo kòm kretyen vivan pa rive egziste nan prizon an. Lapolis la ki gen pou l pwoteje e sèvi tout moun, malgre bòn volonte kèk ladan yo, gen anpil pwoblèm.

[...] Gwoup politik nou yo, òganizasyon popilè ou yo, tout Ayisyen konsekan, kèlkeswa tandans politik ou, an nou mete ògèy, jalousi, rayisans, pa m se pa m, ban m m a ba ou sou kote pou n sove peyi a. Ayiti dwe viv.

Twazyèm Asanble Pèp Karayib yo

Du 19 au 24 aout 2003, Chérubin Trajélus du Secrétariat national a participé à l'Assemblée des Peuples des Caraïbes, qui s'est déroulé au Cap Haitien.

L'Assemblée a fortement critiqué le ZLEA (l'accord sur la zone libres des Amériques) comme ne nouvelle source de misère et de perte d'identité pour les peuples de la région.

Sòti 19 rive 24 dawou 2003, **Chérubin Tragélus** te patisipe nan twazyèm **Asanble Pèp Karayib yo** (APK) nan vil Okap, men yon ti rapò li ekri sou sa. Anpil delege te sòti nan 9 depatman peyi a ak nan 12 peyi Karayib yo. Te genyen obsèvatè ki sòti nan 6 peyi Amerik Latin, nan Amerik Dinò ak nan Ewòp. Sitou nou salye prezans Pri Nobèl Lapè Ajanten an, *Adolfo Perez Esquivel*.

Premyè APK te fèt nan Trinidad ak Tobago, dezyèm APK te fèt nan Repiblik Dominikèn, epi twazyèm nan fèt nan peyi d Ayiti, sòti 19 rive 24 dawou 2003 nan vil Okap.

Ki tèm Asanble a te genyen ? « Konstwi Karayib nou an ki granmoun tèt li egalite, ekitab, anpè ».

Pou louvri koze a, *Camille Chalmers*, ki reprezante peyi d Ayiti nan Komite Egzekitif Rejyonal la, te di : « Yon lòt Karayib posib si tout peyi nan rejyon an met tèt ansanm. » Li te pale sou gwo batay ki te fèt nan zòn Karayib la gras ak tèt ansanm nan, tankou :

- Revolisyon Ayisyèn nan ki te fèt nan ane 1804 kont sistèm kolonyalis la pou te kase chenn esklavaj la ;
- Revolisyon nan peyi Kiba nan lane 1959 kont sistèm Enperyalis la ;
- Revolisyon nan peyi Nikaragwa nan lane 1979 ;
- Revolisyon Zapatis yo nan peyi Mexique nan lane 1994.

Sa fè n wè, nou kapab bati yon **Karayib ki granmoun tèt li**. Camille kontinye pou l di : « Plis nou met tèt ansanm nan Karayib la pou n fè youn, se plis n ap kraze chenn politik Oganizasyon Mondyal Komès (OMK), ak dèt peyi pòv yo ki se prolonjman sistèm esklavaj la ». Li mande pou Loni deklare : « *Bwa Kayiman, patrimwàn mondyal* ».

Pri Nobèl pou Lapè ajanten an, Adolfo Perez Esquivel, te bat bravo ak kontantman pou pèp Karayib la k deside fè yon sèl pèp. « Ak tèt ansanm sa a nou ka fè mirak. Pèp Karayib sa a ki fè tèt ansanm nan, dwe rejte vye ideyoloji sistèm inik enperyalis la pou n bati pwòp lide pa nou ». Li konsidere dèt ekstèn nan kòm yon « dèt etènèl ». Toutotan ou ap peye se plis ou dwe. Fòk pèp yo mete yon tribinal sou pye pou jije tout moun ki te fè dèt la. Jodi a, nou genyen pou n lite toutbon kont ZLEA (Zòn Komès Lib nan Amerik la) ki pote grangou, chomaj, mizè, kòripsyon ak militarizasyon. Esquivel di, pèp ayisyen an dwe goumen pou l kase chenn esklavaj povrete a menm jan sa te fèt nan lane 1804. *Esquivel* mande pèp Ayisyen an pou ranfòse solidarite antre yo, paske pèp la devan yon gwo defi. Pèp la dwe ranfòse entitasyon Leta yo, enstitisyon sosyal yo. Fòk Leta pran responsablite l. Lapè se pa absans konfli, se yon dinamik ki se bon relasyon pèp ak pèp. Pa gen moun kap fè n kado lapè, se nou ki pou chèche l.

Plizyè fowòm te òganize nan 9 departman peyi a ak nan rès Karayib la pou prepare gwo rankont sila a, tankou : fowòm jèn yo ak fowòm fanm yo. Yo te pale sou dives tèm ki enpòtan pou lavi pèp yo, tankou :

* Afè **ZLEA, oswa Zòn komès lib la**. Yo konsidere l tankou yon danje pou zòn nan, paske ekonomi zòn yo deja frajil. Konsa l ap ranfòse plis grangou, plis chomaj, plis ekzòd riral, plis bidonvil, plis kòripsyon, plis zenglendo, plis moun k ap vin rich epi plis moun pòv. ZLEA se menm modèl neyoliberal ki genyen depi kèk lane, men ki ale pi lwen toujou, nan domine peyi Latino Ameriken ak Karayib yo, nan kenbe yo nan yon gwo kriz ki pa janm fini ak tout konsekans sosyal li pote. Se fanm yo ki pi plis viktim bagay sa yo.

* Yon lòt tèm sete **Idantite ak kilti popilè nan nan Karayib la**. Edikasyon y ap bay nan lekòl yo, se yon edikasyon ki trennen nou nan yon sèl bò. Gwo peyi ki te kolonize nou vle kontinye kolonize nou. Nou gen ekzanp zile Matinik, kote pi fò sa yo montre nan lekòl se bagay ki bon pou peyi Lafrans, men ki pa montre sa ki gen pou wè ak zantray nou epi ki pa respekte listwa pa nou. Nou dwe pran konsyans, anpil bagay k ap pase nan lekòl yo pa bon pou nou.

Men tou, pandan n ap valorize kilti nou, nou dwe genyen yon lespri kritik, yon lespri je klere kale sou menm eritaj kiltirèl yo. Li enpòtan anpil pou n pran konsyans, pi fò mizik ki pi popilè, mizik yo tandè plis nan Karayib la, se mizik k ap ranfòse vyolans y ap fè sou fanm. Pawòl mizik sa yo pote anpil diskriminasyon sou fanm, mizik sa yo plen ak pawòl yo rele pawòl «mizojin», ki vle di pawòl moun ki meprize fanm. Se pou sa nou dwe toujou rete vijilan anfas sityasyon sila a.

Ki sa n kapab fè ? Sèvi ak tout zouti atistik tankou penti, teyat, mizik, literati, elatriye, pou ede moun yo louvri je yo sou enjistis ak mete moun sou kote ki genyen. Se kèk nan konsiderasyon yo te fè nan sentèz sou diskisyon ak pwopozisyon atelye a.

David Abdoulah, moun nan peyi Trininad ak Tobago, te fè pòtre Plan neyoliberal la konsa: «Mache libelibè sa a ap detwi sektè agrikòl la. Ap vin genyen yon gwo kriz, peyi Sid yo pa p kapab peye dèt yo, lajan peyi sa yo mete ajenou devan dola Ameriken an. Sa se yon sityasyon vyolans. Mòd ajisteman estriktirèl sa a pa pote anyen nan demokrasi a. Pati politik yo pa gen okenn vizyon. Moun preske pa kwè nan yo, se achte yo achte vòt ».

Asanble Pèp Karayib yo dwe ofri yon vizyon oswa yon altènatif sou ki sa k dwe fèt pou sove Karayib la pou konstwi yon sosyete ki pi jis.

Nou dwe fòme yon tribinal entènasyonal sou zafè dèt la pou n balanse prèv yo epi pran desizyon sou ki moun ki dwe. »

Preske tout reprezantan yo te fikse yo sou ZLEA ak militarizasyon an ki se veritab plan lanmò pou Karayib la ak Amerik Latin nan. Kijan yo tout yo wè sa ? Gen yon kriz nan chapant sistèm kapitalis la menm, epi tout tan gen pwoblèm k ap poze. Konsa, sistèm nan santi l anba menas. Li dwe mete sou pye divès fòm vyolans ekonomik ak militè pou l kab kontinye egziste. Se yon sistèm neyoliberal ki kont lavi. Fas ak plan lanmò sila a, se pou pèp Karayib yo kreye pi gwo solidarite ant yo menm. Nou dwe konstwi yon Karayib ki granmoun tèt li. Nou dwe pote yon lòt modèl lavi pou kontre ak politik kraze zo sistèm neyoliberal la.

Men kèk rezolisyon sektè peyizan yo te pran sou ZLEA :

- Nou kondane Zlea ak tout fòs nou. Gouvènman yo pa gen dwa siyen Zlea sou do pèp yo.
- Nou deside ranfòse òganizasyon peyizan yo nan chak peyi nan Karayib la.
- Nou deside kontinye fè edikasyon popilè, fòmasyon epi bay tout kalite enfòmasyon pou ede tout peyizan, ouvriye, jèn ak tout moun kap souffri yo konprann dega ALCA ap fè nan sosyete nou yo.
- Nou egzije pou tout akò entènasyonal k ap detèmine lavi peyizan yo, fòk peyizan yo bay lide yo anvan yo antre an aplikasyon nan peyi kote yo pa fè sa.
- Fòk gen lwa pou valorize travay latè kòm yon profesyon, elatriye.

Nan tout moman deba yo, se te lajwa ak kontantman nan mitan pèp karayib yo. Nan fèy bristòl ak bandròl te gen anpil eslogan ki te ekspriye kontantman sa yo nan lang divès pèp yo.

Chérubin Tragélus

Nan okazyon 3^{zyèm} Asanble Pèp Karayib yo, mèt Chérubin Tragélus te gen chans patisipe nan rankont « *Grito de los Excluidos* » oswa « *Rèl Moun meprize yo, Moun ki sou kote yo* ».

Grito, se yon nouvo fòm mobilizasyon, se yon mouvman ki te parèt nan mouvman pastoral sosyal Legliz katolik la menm, sitou nan teyoloji liberasyon an nan peyi Brezil depi nan lane 1993.

Objektif Grito : se fè solidarite ak moun ki san sekou yo, moun sosyete a mete sou kote yo, travay pou liberasyon pèp yo, pou yon la vi miyò.

Depi li ekziste, *Grito* òganize yon seri aktivite ki pèmèt li pran desizyon ki pi fèm. Se konsa nan lane 2000 òganizasyon an te ale nan Loni, pou lite kont ekonomi neyoliberal la. De [2] zan apre, 700.000 moun siyen yon petisyon voye bay gouvènman Dominiken an pou l pa siyen akò Zlea a.

Grito mete anpil rezo òganizasyon popilè nan kontinan an k ap travay sou teren yo.

Nan dyanostik Grito rive fè nan travay teren sa yo, li konstate politik Neyoliberal la fè anpil dega nan mitan pèp yo.

- *Gen plis mizè;*
- *Plis chomaj;*
- *Plis kòripsyon;*
- *Plis pwostitye;*
- *Li dekouraje travayè yo ;*
- *Li detwi pwodiksyon nasyonal yo ;*
- *Se a letranje yo achte tout sa yo te konn pwodwi.*

Pa gen solisyon si nou tout pa mete n ansanm.

Ki metòd Grito genyen?

Grito travay tankou yon Platfòm, pou montre se pèp la, se moun sou kote yo ki gen lapawòl. Pa genyen yon chèf. Anpil Legliz jwe yon gran wòl pou gaye mouvman an nan tout peyi Brezil.

Mobilizasyon pou ane sa a, se pran yon vaksen kont ZLEA. Sa vle di : chak moun pral siyen yon petisyon, se tankou yon piki li pral pran pou l di non ak ZLEA.

Konsej entenasyonal Pax Christi

Pax Christi (Lape Kris la) se non yon mouvman katolik pou Lape. Li te fonde nan peyi Lafrans apre dezyem lage mondyal la, tankou yon mouvman pou mete lape, rekonsilyasyon ak padon nan mitan de [2] pep sa yo: Lafrans ak Lalmay, kote youn t ap touye lòt. Men, lè genyen lage ant de [2] peyi, se ti pep la ki viktim. Se moun senp yo yo voye touye lòt epi ki ki tonbe anvan. Se yo k viktim tout move pwopagann ak fanatis. Se pa yo k pran desizyon yo, se viktim yo ye, tout jan.

Depi le sa a, Pax Christi ap travay pou lape toupatou sou late. Li chwazi dokiman Pap Pòl 6 **Lapè sou tout fas tè a** (*Pacem In Terris*) tankou yon gid. Dokiman sila a mare koze lapè ak defans dwa moun. Pa gen lapè si yo pa respekte diyite moun ak dwa li yo.

Jodi a, mouvman an prezan nan anpil peyi, kit li gen manm, kit li kolabore ak lòt mouvman k ap travay yo menm tou pou lape. Nan anpil peyi, Pax Christi kolabore ak Jistis ak Lape ki limenm tou ap travay pou lape kom mouvman anndan legliz katolik la. Depi kek lane, Komisyon nasyonal Jistis ak Lape nan peyi d Ayiti tou ap tabli bon jan relasyon ak Pax Christi. Se konsa, yo te envite Jistis ak Lape pou patisipe nan Konsej entenasyonal la, ki sa Asanble jeneral out seksyon Pax Christi yo, ansnam ak tout lot mouvman ki asosye, aswa ki ta swete vin asosye pi devan. Se konsa pè Jan Hanssens te patisipe nan Konsej entenasyonal sila a. Li te fet nan peyi Etazini nan vil New Jersey nan mwa me.

Men kèk tèm yo te debat nan divès gwoup travay yo nan asanble sila a:

- Afè komès zam;

- Sityasyon peyi d Ayiti a tou t atire atansyon youn nan gwoup travay yo. Epi lè manm Pax Christi yo vin jwenn Asanble yon lòt atelye te fèt pou pèmèt moun konprann ki sa k pase nan peyi a.

Sijè yo anpil. Men gras ak yon sistèm atelye, prezans èkspè ak pwòp eksperyans seksyon yo, yo te rive debat yo. Pou kèk nan yo yo te mande tout Asanble a vote yon rezolisyon.

Asanble a te renouvle manda kèk manm nan Konsèy administrasyon an, oswa li chwazi kèk lòt manm ladan li. Li renouvle manda Prezidan entènasyonal la ki se Achevèk vil Jerizalèm, monseyè Sabala.

Kèt Jistis ak Lapè

Pou dezyèm dimanch karèm 2003 ak 2004, ki se dimanch Jistis ak Lapè, plizyè pawas te bay kontribisyon pa yo pou travay Jistis ak Lapè a fèt pi byen nan peyi a. Chak ane nou wè pawas yo fè yon bèl pa annavan. Plis pawas bay konkou yo tou. Nou di tout pawas yo yon gwo mèsi pou kolaborasyon yo. Nan lane 2003 nou te bat yon gwo bravo pou Jistis ak Lapè Pòdpè. Nan lane 2004 menm, se Jilap Jeremi ki merite yon konpliman espesyal pou jan yo òganize kèt espesyal sila a. Men rezilta kèt espesyal la te bay nan lane 2003 ak 2004.

Dyosèz Jeremi

Pawas Moron	:	250,00
Pawas Vye Bou	:	141,00
Pawas Lèziwa	:	125,00
Pawas Bomon	:	500,00
Pawas Sent Elèn	:	55,00
Pawas Dichiti	:	500,00
Pawas Wozo	:	250,00
Pawas Leyon	:	400,00
Pawas Sazyè	:	150,00
Pawas Jeremi	:	640,00
Pawas Jan Bèlin	:	800,00
Pawas Nimewo De	:	250,00
Pawas Koray	:	300,00
Pawas Previle	:	400,00
Pawas Bonbon	:	102,00
Pawas Chanbelan	:	250,00
Pawas Gran Vensan	:	503,25
Pawas Chadonèt	:	160,00
Pawas Karakoli (Sakre Kè)	:	170,00
Pawas Abriko	:	251,00
		<u>6.197,25</u>

Dyosèz Gonayiv

Pawas Mamlad	:	254,50	
Pawas Sous Chòd	:	133,00	
Chapèl Koridon	:	130,70	
Chapèl Pwent de Mang	:	400,00	
Pawas Vizitasyon	:	551,00	
Chapèl Kay Solèy	:	350,00	
Pawas Pon Sonde	:	380,00	
Sant Jan Denis	:	275,25	
Sant Vila	:	200,00	
Sant Bokoze	:	253,00	
Chapèl Fonble	:	164,80	
Chapèl Byen Plase	:	300,00	
Chapèl Miwo	:	150,00	
Pawas Medò	:	552,00	
Pawas Rivyè Mansèl	:	<u>2.000,00</u>	
		6.094,25	

Dyosèz Fòlibète

Pawas Gwos Wòch + Kawòs	:	110,00	150,00
Pawas Kapotiy	:	353,00	
Pawas Pèch	:	150,00	65,00
Pawas Valyè	:	129,80	
Pawas Sent Sizàn	:	163,20	402,00
Pawas Akil Dè Pen	:	505,40	450,00
Pawas Kawakòl	:		300,00
Chapèl Wanament	:	186,00	2.360,00
Pawas Wòch Plat	:		142,00
Pawas Bwad Lorens	:	173,00	
Pawas Akil Samdi	:	<u>510,00</u>	
		6.149,40	

Dyosèz Ench

Lopital Ench	:		250,00
Pawas Mibalè	:	1.375,00	
Pawas Sodo	:	319,00	
Pawas Mayisad	:	250,00	805,00
Pawas Fon Pyè	:	155,00	
Pawas Basen Zim	:	150,00	200,00
Pawas Sèkalasous	:	290,00	2.550,00
Pawas Boukan Kare	:	1.500,00	1.326,00
Pawas Savanèt	:	125,00	
Pawas Mamon	:	375,00	225,00
Pawas Tomasik	:	150,00	
Pawas Katedral	:	670,00	
Pawas Saltadè	:		240,00
Pawas Sakrekè	:	<u>200,00</u>	
		11.155,00	

Dyosèz Okap

Pawas Petit Ans	:	1.000,00	
Pawas Tibo	:	300,00	
Pawas Katye Moren	:	1.050,00	
Pawas Peti Ans	:	500,00	
Pawas Sen Shal	:	<u>1.085,00</u>	
		3.935,00	

Dyosèz Okay

Pawas Pòta Piman	:	280,85	
------------------	---	--------	--

Pawas Jakmèl

Pawas Grigri	:	100,00	
--------------	---	--------	--

Pawas Jakmèl	:	736.45	
Pawas Boden	:	500,00	
Pawas Lavout	:	<u>562,00</u>	
		1.898.45	

Pawas Pòdpè

Pawas Monfò	:	2.890,00	
Pawas Basen Ble	:	400,00	
Pawas Boden	:	800,00	
Pawas Katedral	:	5.000,00	
Pawas Chansol	:	750,00	
Pawas Dibwa	:	90,00	
Pawas Bonbad	:	335,00	
Pawas Pawas Jan Rabèl	:	500,00	
Pawas Ansafole	:	<u>180,00</u>	
		10.945,00	

Achidyosèz Pòtoprens

Pawas Gresye	:	1.025,00	1.070,00
Pawas Sent Klè	:		5.370,00
Pawas Sent Terèz	:	2.750,00	
Pawas Sent Antwàn	:	1.825,00	
Pawas Akayè	:		675,00
Pawas Sen Jid (Mòn Lopital)	:	147,90	
Pawas Sen Vensan Pòl (Tomasen)	:	2.750,00	
Pawas Notre Dam Ti Gwav	:	1.500,00	
Sè Elèn	:	<u>200,00</u>	
		<u>17.312.90</u>	

Gran total: 62.024,75 Goud

CCI

Kad pou Koperasyon an pandan yon ti bout tan Cadre de Coopération Intérimaire

CCI, c'est ainsi qu'on appelle le plan soumis par le Gouvernement Haïtien et discuté à la Conférence internationale des bailleurs de fonds à Washington, en date du 19 et 20 juillet 2004. Le Gouvernement en est sorti bien satisfait, avec 1.425 millions de dollars de promesses de dons et de prêts. Les commentaires parlent moins des conditionnalités et de la politique derrière cette générosité. Un document rédigé par PAPDA, SOFA et UNNOH attire l'attention sur un nombre de points.

Kad pou Koperasyon an pandan yon ti bout tan, se konsa yo rele plan global Gouvènman an ki la te soumèt bay patnè peyi etranje yo pou jwenn mwayen kòb nan men yo pou fonksyone pandan lane 2004 ak 2005. Yon gwo konferans te fèt nan vil Washington (peyi Etazini) nan dat 19 ak 20 jiyè 2004, kote Gouvènman an te rankontre ak patnè etranje epi ak enstitisyon entènasyonal yo tankou Bank Mondyal, Fon Monetè Entenasyonal, Bank Entèameriken pou Devlopman, Inyon Ewòp la, ak plizyè lòt toujou. Tout moun sa yo te bat bravo pou Plan Gouvènman an soumèt la, epi yo te pwomèt anpil kòb pou ede peyi a : 1.425 milyon dola vèt. Depi lè sa a Gouvenman an pa sispann kleronnen jan bagay la te bon, kòm kwa tout pwoblèm fin rezoud.

Nan Konferans la toujou, yo te envite kèk manm nan sosyete sivil ayisyen an. Yo te envite tou plizyè reprezantan nan òganizasyon k ap travay pou gen bon jan solidarite nan baz la ant tout pèp yo sou latè beni. Kèk òganizasyon nan peyi a gen

tan fè analiz akò ki fèt la. Yo voye yon pinga bay tout moun ki kwè pwoblèm yo fin rezoud. Men ki sa yo di sou akò sila a:

- Gouvènman an te jwenn yon pakèt pwomès sèlman pou l jwenn kado lajan, oswa lajan y ap prete l.
- 1.425 dola yo pwomèt la pokò pare touswit.
- Okontrè, gen kondisyon pou Gouvènman an kapab jwenn èd sila a, tankou : fòk plizyè antrepriz Leta genyen vin byen prive kèk moun, epitou fòk fwontyè peyi a louvri pi laj ak jan sa ye deja pou byen etranje kab antre.
- Toujou, gen yon akò ki te fèt anvan konferans la ant Fon Monetè Entènasyonal ak Gouvènman. Men, moun pa konn ki sa ki ekri ladan l.
- Gen lajan k ap sòti nan men Bank Entèameriken pou Devlopman ak nan Fon Monetè Entènasyonal la. Lajan sa a mare ak divès kondisyon ki te toujou la epi ki lakòz kriz dèt entènasyonal la.
- Pa bliye, nan tout kòb la, 500 milyon dola ap sevi pou peye MINUSTAH ki la nan peyi a.
- Yon moso nan kòb la toujou se ONG entènasyonal k ap jere l.

Deja, anvan Konferans la, òganizasyon sa yo te fè wè, Plan Gouvènman an pa fin adapte ak reyalyte moun ap viv nan peyi a. Egzanp : sa Plan an ap di sou peyizan yo ak sou pwodiksyon natifnatal la fèb anpil. Se konsa y ap mete baz pou kèk chanjman serye nan ekonomi peyi a. Plan an pou pale anpil sou sèvis debaz chak sitwayen merite jwenn, ak sa tout moun bezwen.

Moun ki fe refleksyon sa yo ap poze tèt yo kesyon : ki garanti ki gen pou pakèt lajan yo pwomèt la sèvi byen nan avantaj pèp la, pou l pa move chimen? Si kèk reprezantan òganizasyon entènasyonal te rekonèt yo fè erè nan tan pase yo, yo pa chanje fason y ap fè pou sa.

Yon egzanp : Gouvènman an te pwomèt pou peye tout sa Ayiti dwe nan zafè dèt entènasyonal la. Sa vle di, anvan sektanm 2004, fòk Gouvènman an te bay 54 milyon dola vèt. Sa fè n wè kesyon dèt entènasyonal la menm pa t poze nan konferans sila a. Tout sa se gwo tèt chaje pou tout moun ki vle Ayiti sòti nan twou li ye a.

Nou pran enfòmasyon sila yo nan yon dokiman PAPDA, SOFA ak UNNOH mete deyò pou ede moun reflechi sou koze a.

**18 dawou 2004
Foutbòl Brezil – Ayiti
Match pou Lapè**

Lapè se Jistis Sosyal Ala yon bèl bagay !!

Nan okazyon match foutbòl Brezil – Ayiti, jou ki mèkredi 18 daou 2004 la, slogan sila a te nan tout lari Pòtoprens. Ala yon bèl pawòl. Men ki sa jistis sosyal la ye ? Nou te fè yon ti gade nan PNF, dezyèm sesyon an ki pale sou sa. Men ki sa Ansèyman sosyal Legliz la di sou sa Jistis Sosyal la ye :

Ayiti 200 lane endepandan

Premye janvyè 2004 la te dwe yon jou fèt, kè kontan ak fyète pou chak Ayisyen. Men se pa konsa jounen an te ye. Okontrè, peyi a te bay yon espektak divizyon, patizan ak chirepit. Divizyon te parèt aklè sou tout fòm.

Diskou ofisyèl pa t pale sou yon patri ak yon nasyon n ap defann ansanm. Sete kòm si peyi a se yon espas batay pou Pouvwa a sèlman. Manifestasyon ki t ap fèt nan lari kont Gouvènman an ak vyolans patizan pouvwa yo pou kontre ak yo te bay imaj yon peyi dechire ak divize.

Konsa, pa t gen santiman fèt nan vil la. Pakèt lajan te depanse pou akeyi kèk envite nan palè nasyonal la. Men lari a, ki se salon pèp la, te sal, chaje ak fatra sèt wotè. Twou yo te rete menm jan. Pandan detwa semèn yo t ap eseye fè sa k te dwe fèt pandan tout lane a.

Kounye a, premye janvyè a ale. Ayiti granmoun 200 lane. Ki wout l ap fè? Anpil moun ap poze tèt yo kesyon. Nan kad sa a, evènman sa yo ki t ap dewoule mennen nan 29 fevriye 2004.

29 fevriye 2004 ap enskri nan listwa peyi a. Men ki sa y ap ekri sou li? Ki sans y ap bay dat sila a? Listwa se pa selman yon seri evènman ki rive. Listwa se yon seri evènman, epitou, se ki sans nou bay sa ki fèt la.

29 fevriye, byen bonè nan maten, bò 6 zè 30 konsa, yon avyon koulè blanch ki pa t gen lòt mak sou li, mennen ansyen prezidan Aristid ale. Kèk jou anvan, prezidan an t ap sèmante l ap fè 5 lane sou pouvwa a, paske se pèp la ki ba li manda a. Ki sa k te pase nan nwit sila a ak nan jou anvan yo? Pokò genyen rapò ki klè sou sa. Men, jou ki 29 la menm, pa t genyen manifestasyon kè kontan nan lari. Men, te genyen anpil piyay, dife ak kout zam nan lari kapital la. Kòm kwa, si yon prezidan ale, pa dwe gen lavi pou pyès moun ankò.

Anpil moun ka sonje lane 1990, lè popilasyon an t ap fè premye eleksyon prezidan Aristid ak anpil kè kontan, ak anpil espwa pou chanjman rive fèt anfavè moun pòv yo nan peyi a. Men, depi li te kòmanse manda l, deja nan lane 1990, prezidan Aristid pa t rive mete boujwa yo an konfyans. 30 septanm 1991, li pran yon koudeta. Lè l te tounen 15 oktòb 1994, sete gras ak rezistans pèp la menm anndan peyi a. Men tou, li vini anba gwo kondisyon peyi etranje te mete devan l. Sitou zafè ekonomi an te dwe regle, paske Ayiti, yon peyi mizè, pa t kapab kontinye ap defigire kontinan Amerik yo konsa. Antouka, se sa yo t ap di.

Aprè 5 lòt lane kote Preval te prezidan ak yon kriz ant prezidan an ak palman an, Aristid tounen kòm prezidan, 7 fevriye 2001. Eleksyon lane 2000 yo bay tèt chaje. Moun yo byen vote, men ki sa k te pase sou kote ? Tout moun ki analize bagay la byen dakò pou di te genyen magouy ladan l. Sèlman, pyes moun pa te janm pran tan pou di ki kote egzak magouy la te fèt, ak ki sa k te pase. Anpil moun bòn volonte te angaje tèt yo anpil kote kòm kandida, sitou onivo lokal, men, yo te pran nan pyèj.

Sètènman, evènman ki sòt pase yo dwe ede n kalkile sou fason moun ap fè politik nan peyi a. **Nou dwe reflechi sou plas politik la genyen nan lavi yon sosyete.** Nou dwe tire kèk leson pou pi devan.

- Politik kòd rèd la bay kalkile, bay kè sote sou avni peyi a. Eske vrèman kriz la te dwe rive nan pwen li rive a, jouk se fòs ak zam etranje ki pou mete Ayisyen nan wòl yo? Lè n gade tout negosyasyon ki te fèt, nou dwe mande : Ki sa k fè Ayisyen pa ka pale antre yo, epi negosye yon solisyon ? Ki kote pou moun aprann sa ? Ki kote moun yo jwenn yon ti fòmasyon politik ki ka ede yo pi devan ? Kriz la montre klè : **edikasyon ak fòmasyon yo bay timoun ak jèn nan peyi a pa ede yo viv kòm sitwayen reskonsab anndan peyi sila a.** Sa parèt akle lè n gade ki jan granmoun yo pa konn pran reskonsablite yo.
- Depi 7 fevriye 2001, Aristid te santi opozisyon an pa t mache nan gou l. Nou te remake OP yo vin aktif pou oblije lòt yo antre nan pwojè Gouvènman te trase. Chak maten, sete veye si kawotchou pokò ap boule, pou moun ale nan aktivite yo. Lè apre plizyè mwa sa pa t fèt ankò, sou presyon rezolisyon OEA yo, epi lè opozisyon an te tanmen fè manifèstasyon nan peyi a, OP yo

parèt yon lòt fwa ankò pou kraze nan ze tout manifestasyon ki t ap rele: « aba. » Non, yon gouvènman pa kab chita pouvwa li ak otorite l sou nenpòt pratik ki pa gen awè ak demokrasi n ap chèche a. **Yon pouvwa leta dwe pran lalwa ak fòs legal yo pou sèl bousòl li.** Distribye zam bay gwoup ak gang, menm si yo rele tèt yo OP, òganizasyon popilè, okenn gouvènman reskonsab pa kapab jistifye yon pratik konsa.

- Ann gade opozisyon an. Ki lè politik ap fèt sou baz yon pwojè sosyete? Eske politik kab fèt sèlman nan deklare lòt pati a « dyab » oswa « mons », konsa tout moun dwe kont sa k sou pouvwa a? Opozisyon an tou te chita sou yon pakèt demi verite. Kilès ki gen zam ? Kilès ki t ap soutni gang ak chimè ? Se pa sèl lè ansyen militè parèt sou sèn nan, zam t ap tonbe nan men gwoup ki mare ak opozisyon an. Anba lavil Pòtoprens, nan Gonayiv ak plizyè lòt kote nan peyi a, yo te fè n konnen gwoup ak zam t ap travay pou opozisyon an. Epi, jou Aristid t ale 29 fevriye 2004, li te parèt aklè devan je tout moun pakèt zam ki te genyen nan men opozisyon nan yon vil tankou Ti Gwav oswa Kabarè. **Difikilte ki genyen nan peyi a pou regle pwoblèm politik ak mwayen pasifik (san pa gen vyolans), se gwo koze.**
- Lè chèf la ale, tout kay la souke. Se konsa koutim politik la vle sa fèt nan peyi a. Depi 29 fevriye, anpil kote nan peyi a, sa k te pèdi pouvwa nan dènye eleksyon ak nan kèk refòm timid ki t ap fèt, yo tout vle reprann ansyen privilèj yo. Y ap cheche moun ak zam pou bay yo bourad. Tout moun ki te nan Lavalas, paske yo te kwè yo ta kapab travay pou pèp la, blije kraze rak. Pandan moun lavil t ap rele : « Nou libere, » anpil kote nan mòn ak kay peyizan sete rèl. **Kilè y ap pran peyizan ayisyen oserye toutbon ?** Yo ankouraje yo pou pran mwayen pasifik epi pou sèvi ak zouti politik pou chanje kondisyon lavi yo. Men lè sa pa mache pou politisyen yo, se yo ki viktim. Se domaj sa fèt konsa. Nou dwe travay pou trase yon lòt chimen.

Ansye prezidan Aristid te bay anpil moun desepsyon. Anpil moun te kwè nan chanjman. Yo te pran angajman ak tout konviksyon yo. Men, Aristid te panse, sitou depi l sòt nan egzil, se ak lajan ou dwe gouvènen yon peyi. Ou dwe achte fidelite pèp la ak lajan. Li te kwè li te entelijan, li te kab fè mache e woule tout moun. Li t ap fè pwomès selon sa moun ki te anfas li yo te vle tandè, men, anyen pa t fèt. **Tout sa se ansyen fason pou fè politik nan peyi a. Se tout sa ki te dwe chanje.** Anpil zanmi ak konseye prezidan an te manke kouray pou te bay mesye a verite aklè ak

bon jan konsèy. **Moun pa kab tabli demokrasi, etan y ap konstwi sou vyolans, distribye zam, epi fè yon pakèt pratik ki pa dakò ak sa n bezwen bati a.** Sa se vre ni pou sa k nan pouvwa a, ni pou sa k nan opozisyon an tou.

[JH]

Yon gwo plas pou kesyon migrasyon nan Fowòm Sosyal Amerik yo

Sòti 25 rive 29 jiyè 2004, plis pase 10 mil moun ki te sòti nan 60 peyi te reyini nan Kito, kapital peyi Ekwatè, nan Fowòm Sosyal Amerik yo. Yo te reflechi sou yon seri konsekans mondyalizasyon an pote pou pèp nan Amerik yo.

Divès gwoup k ap travay ak imigran te òganize yon seri deba sou lavi imigran yo. Yo poze anpil kesyon e yo sòti ak yon seri pwopozisyon anfavè respè pou imigran yo.

Konsa yo te reflechi sou yon bagay ki rele trans-nasyonalite. Mo sa a vle esprime reyalite anpil imigran ap viv. Yo antre nan yon nouvo peyi, epi kè yo la, men yon lòt bò, kè yo toujou rete nan peyi kote yo sòti a. Se reyalite diyaspora a nan anpil peyi. Egzanp : gen pakèt moun Ozetazini ki gen rasin nan peyi Mèksik. Genyen diyaspora Ayisyen nan peyi Etazini ak nan peyi Panyòl. Moun sa yo genyen yon wòl pou jwe nan reyalite mondyalizasyon an jounen jodi a, pou pèp yo rive viv pi byen ansanm.

Yo te reflechi tou sou reyalite migrasyon nan zòn nan ak tout difikilte ki genyen. Depi 11 septanm 2002, Leta yo vin sere boulon imigrasyon an anpil. Gouvenman yo ap pale sou sekirite nasyonal la, epi yo pa sonje moun ki blije kite peyi yo pou divès rezon.

Reprezantan GARR nan rankont sila a te mande pou yo pa bliye reyalite Karayib la ak reyalite Ayisyen yo ap viv. Anpil moun nan gwo peyi Amerik Latin yo bliye si Karayib la fè pati Kontinan Amerik la.

Men kèk nan rekòmandasyon asanble a te fè anfavè dwa imigran yo :

- Nou dwe sansiblize imigran yo sou danje ki genyen lè y ap vwayaje san papyè oswa lè y ap sèvi ak fo dokiman pou fè vwayaj la.
- Nou dwe travay pi plis pou fanmi yo kapab fè youn ankò, pou yo pa blije viv nan divès kote.
- Nou dwe pale pi plis sou konsekans sosyal ak pwoblèm imigran yo genyen, pa sèlman sou kòb yo kapab voye lakay yo.

- Nou dwe egzije pou gouvènman yo respekte dwa imigran yo ki vin lakay yo, menm jan yo egzije lòt peyi respekte dwa imigran yo ki vin lakay yo.
- Nou dwe plede pou imigran pa blije viv sou kote, kote yo rive, men pou yo kapab jwenn plas yo nan sosyete kote yo rive tabli a.

Enfòmasyon sa yo sòti nan yon rapò Colette Lespinasse, GARR, te ekri

Gran Tribinal Penal Entènasyonal

Depi de [2] lane, Gran Tribinal Penal Entènasyonal la vin yon reyalite. Li chita nan vil Dèn Haag nan peyi Oland.

Sa se yon gwo evènman. Sa vle tout moun kapab pote plent kont tout moun yo akize pou krim kont limanite lakay li. Yo kapab rele l devan tribinal sila a. Sa se move nouvèl pou chèf Leta yo ki panse ki panse yo kapab vyole dwa nenpòt moun, paske depi ou chèf pa gen kote pou moun pote plent. Kreyasyon Gran Tribinal sila a se yon bon nouvèl pou moun sa yo yo vyole dwa yo, tankou lè y ap fè masak kont yon popilasyon, lè y ap touye moun pa bann pa pakèt, oswa lè gouvènman ap sèvi ak gang oswa gwoup ak zam pou fè dappiyanp sou popilasyon an.

Yon peyi ki pa te vle siyen akò sila a nan mitan peyi yo, se peyi Etazini. Li pa vle pou sitwayen li yo parèt devan Gran Tribinal sila a. Etazini genyen anpil sòlda k ap fè operasyon nan lòt peyi. Lè y ap fè sa k pa sa, Gouvènman Etazini pa vle pou yo ta rele yo devan yon tribinal etranje.

Ayiiti menm pokò siyen akò sila a kote peyi a apiye egzistans Gran Tribinal la.

Timoun ak zam

Moun ki etidye kesyon an kwè genyen 300.000 timoun sou latè ki anba zam. Sa vle timoun sa yo pokò genyen 18 lane, yo nan yon lame, yo pote zam e y ap batay tankou granmoun.

Sityasyon sa a poze anpil tèt chaje. Gen gouvènman ki fè l, men tou genyen fòs lame rebèl k ap fè menm bagay la. Kontinan ki pi mal, se kontinan Afrik la. Pi fò timoun ki nan kondisyon sa a, genyen 15 rive 17 lane. Pafwa genyen fi nan mitan yo. Men lè sa, genyen anpil chans pou lòt sòlda yo vyole yo.

Timoun yo pokò genyen bon jijman. Yo fasil ka sèvi ak yo lè genyen gwo danje. Yo ka di yo pou yo touye. Yo pa pè lanmò. Yo sèvi ak yo pou fè èspyon, kòm mesaje, kòm esklav. Nan kèk peyi se fòse yo te fòse yo antre nan lame a.

Anpil akò entènasyonal kondane pratik sa yo. Yon timoun ki pa gen 18 lane pa dwe sèvi nan yon lame.

Se yon bagay ki imoral, ki lèd nèt, lè granmoun ap mande timoun al goumen nan plas yo ... Pa kab genyen okenn eskiz, okenn rezon pou jistifye yon bagay konsa.

Achevèk Desmond M. Tutu, Afrik di Sid

Nan peyi d Ayiti, anpil moun te rele amwè lè yo te wè timoun ki t ap pote zam nan OP yo, oswa nan mitan lòt gwoup ki t ap sèvi ak zam. Chak timoun genyen dwa pou jwenn yon bon edikasyon k ap sèvi lapè nan peyi a. Li nesèsè pou n kontinye denonse chak fwa nou wè yo sèvi ak timoun nan kondisyon ki pa sa. Yon timoun se yon moun. Li gen dwa pou l jwenn bon jan edikasyon, pou l grandi nan sekirite epi pou l aprann sèvi peyi l kòmsadwa. Se nou tout ki reskonsab pou chak timoun kab jwi dwa sila a.